

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis mangrupa hiji kaparigelan basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu produktif jeung éksprésif. Dina kagiatan nulis, nu nulis kudu parigel ngamangpaatkeun grafologi, struktur basa, jeung kosa kecap (Tarigan, 2008, kc. 1). Sedengkeun nurutkeun Danadibrata (2006, kc. 713), nyebutkeun yén nulis mangrupa kecap nasal tina tulis nu hartina nyaéta barangjieun aksara, angka. Serat; nulis ku mangsi dina keretas, aya anu nulis maké gerip, patlot, kapur dina bor, péso pongot dina daun lontar.

Kaparigelan nulis umumna dianggap kaparigelan panghéséna ku siswa sabab dina nulis mah siswa kudu bisa ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranna kana wangun tulisan, nu tangtuna waé siswa diarahkeun loba maca buku sangkan loba référénsi pikeun bahan tulisan. Najan sakapeung katitén gampang, tapi nalika prak-prakanna mah masih kénéh kapanggih masalah dina pangajaran nulis, hususna pangajaran nulis pangalaman pribadi.

Faktor anu ngalantarankeunana nyaéta kurangna minat siswa kana pangajaran nulis pangalaman pribadi, nulis pangalaman pribadi dina wangun tulisan dianggap henteu praktis, sarta kurangna motivasi pikeun diajar nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda. Masalah séjénna nyaéta suasana diajar di kelas anu kurang inovatif ngabalukarkeun siswa kurang sumanget nalika ngalaksanakeun prosés pangajaran, guru di sakola masih kénéh maké métodeu ceramah sarta kurangna guru kana métodeu anu bisa dimangpaatkeun pikeun pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran nulis pangalaman pribadi.

Ngungkulan masalah anu geus dipedar, guru salaku pangajar kudu milih métodeu anu éfektif pikeun nepikeun pangajaran sangkan siswa ngarti jeung tangtu kudu bisa ngirut karep siswa sangkan daék nulis kalawan bisa nyieun tulisan basa Sunda anu hadé. Pikeun ngaronjatkeun karep siswa diajar basa Sunda sarta kamampuh siswa dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, métodeu karya wisata jadi salah sahiji solusi alternatif.

Karya wisata mangrupa tarékah nu dilakukeun ku peserta didik pikeun ngalengkepan pangalaman diajar integral tina kurikulum. Ngaliwatan karya wisata salaku métodeu pangajaran peserta didik nu diaping ku guru pikeun nyaba ka tempat-tempat nu tangtu kalayan miboga maksud diajar (Sagala, 2013, kc. 214).

Karya wisata lain saukur rékréasi hungkul, tapi salah sahiji métodeu diajar ngajar anu dilaksanakeun ku cara ngajak siswa ka hiji tempat di luareun sakola pikeun ngumpulkeun informasi sacara langsung. Ieu métodeu téh miboga udagan sangkan siswa bisa ngaguar pangalaman siswa, tanya jawab ngeunaan hiji pasualan sangkan nambahan pangaweruh siswa, sarta siswa bisa ningali, ngaregepkeun, nalungtik pasualan anu karandapan dina pangajaran basa Sunda, kalayan bisa nuliskeun hasil pangalaman anu ngirut.

Pangalaman anu kungsi karandapan ku siswa can tangtu bisa dipedar kalayan hadé dina wangun tulisan. Métodeu ceramah anu biasa dipaké ku guru saukur mantuan siswa apal kana wangenan jeung téhnik nulis pangalaman hungkul. Inovasi anu panganyarna dibutuhkeun ku siswa sangkan bisa ngaronjatkeun karep diajar, hususna pikeun siswa kelas VII anu karék asup ka sakola anu anyar.

Nepi ka kiwari aya sababaraha panalungtikan anu kungsi dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téh nyaéta ieu di handap.

- 1) “Métodeu Diary pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” ku Riska Nuraini Puspita.
- 2) “Métodeu Karya Wisata untuk Meningkatkan Keterampilan Menulis Deskripsi pada Siswa Sekolah Dasar” ku Muhammad Didin Nashruddin.

Ku kituna, Panulis miboga karep ngalarapkeun ieu métodeu karya wisata pikeun panalungtikan, “Métodeu Karya Wisata dina Pangajaran Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Ieu panalungtikan diidentifikasi jadi sababaraha masalah nu patali jeung 1) suasana diajar nulis pangalaman pribadi di kelas anu kurang inovatif ngabalukarkeun siswa kurang sumanget dina ngalaksanakeun prosés pangajaran; 2) perluna mekarkeun kréativitas guru dina ngokolakeun pangajaran, sangkan hasil diajar siswa bisa ngaronjat; 3) loba métodeu anu bisa dipaké ku guru pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa; 4) métodeu karya wisata bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina nulis pangalaman pribadi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watésan masalah anu geus dipedar, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wengun kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh maké métodeu karya wisata?
- 2) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saenggeus maké métodeu karya wisata?
- 3) Naha aya bédana kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung saenggeus maké métodeu karya wisata?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkuluan pausalan atawa masalah dina pangajaran nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsiéun,

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh maké métodeu karya wisata;
- 2) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saenggeus maké métodeu karya wisata; jeung
- 3) bédana kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung saenggeus maké métodeu karya wisata.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun anu mikabutuh pangaweruh ngeunaan métodeu pangajaran karya wisata dina pangajaran nulis pangalaman pribadi siswa maké basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana sakumaha dipedar ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi maké basa sunda sarta kamampuh dina ngébréhkeun ide dina wangun tulisan leuwih bisa kalatih ku dipakéna métodeu karya wisata.
- 2) Pikeun guru, ieu métodeu karya wisata bisa dijadikeun alternatif pikeun ngarojatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan basa sunda.
- 3) Pikeun paélmuan, nambahán variasi métodeu dnalika népikeun pangajaran sangkan leuwih variatif sarta henteu monoton.

- 4) Pikeun panalungtik, nambahán pangalaman maké métodeu karya wisata, ngalatih kamampuh dina naluntik, nambahán referensi métodeu nalika nepikeun pangajaran pikeun prak-prakan ngajar di lapangan.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi dina ieu skripsi téh aya lima Bab.

Bab I ngawengku bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung rangkay tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan pangajaran nulis pangalaman pribadi, métodeu pangajaran, métodeu karya wisata dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III métodeu panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahna subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.